

MEDICAID

# HOOSIER HEALTHWISE & HEALTHY INDIANA

Plan yo



 **CareSource®**

# Poukisa CareSource®?

CareSource se **ankò plis pase yon asirans maladi**. Kit se pou ede ou jwenn yon travay, ouvri yon kont bankè oubyen prepare yon gwo sès, nou ap la. Eta Indiana egzije pou tout plan Medicaid yo ofri kèk avantaj.

Sa yo site nan paj 3 - 5.

Men nou tèlman ofri plis, tankou:

**CareSource Life Services® ak CareSource JobConnect™:** Antrenè Asirans Vi yo ap travay avèk manm yo pou konekte yo ak resous kominate yo, sipòte yo avèk divès objektif edikatif ak anplwa, epi ede yo kowòdone divès trajè pou randevou non medikal yo nan kominate a.

**CareSource24®:** Liy Konsèy Enfimyè nou an 24/7/365.

**Jesyonè Swen:** Ki kapab ede ou nan lojman, ekipman medikal, sèvis publik yo ak lòt bezwen bazik ijan yo.

**Pwogram Asistans Telefonik Lifeline:** Pwogram telefòn mobil gratis oubyen sou rabè (pou manm ki kalifye) pou kontakte CareSource24 ak Ekip Pledwaye Sèvis Kliyan.

**Pwogram rekonpans pou tout manm yo:**

**Babies First®:** Resevwa jiska \$200 pou chak gwo sès pou asiste vizit prenatal yo, aprè akouchman yo, sante yo ak plis ankò.

**Kids First (Timoun piti yo Dabò):** Resevwa jiska \$50 chak ane pou timoun ki aje 16 mwa rive 18 ane pou reyalize divès vizit sante, egzamen dantè, pran vaksinasyon ak plis ankò.

**Rekonpans MyHealth yo:** Adilt ki aje 19+ kapab resevwa jiska \$50 si yo enskri nan HHW epi jiska \$300 si yo enskri nan nan HIP poutèt yo reyalize divès depistaj preventif, egzamen dantè, vaksen kont grip, patisipe nan sispann fimen ak nan pwogram jesyon maladi kwonik yo ak plis toujou.

**Text4Baby:** Yon mesaj gratis twa fwa pa semèn, pwogramme pou dat akouchman oubyen dat nesans tibebe a, pandan gwo sès la ak jiska premye anivèsè tibebe a.

**Jesyon Terapi sou Medikaman (Medication Therapy Management, MTM):** Egzamen endividyle medikaman yo ak konsiltasyon avèk famasyen ou an pou asire ke medikaman ou yo apwopriye ak plis an sekirite pou bezwen ou yo nan kesyon swen sante.

**Telesante:** Aksè ak yon doktè avèk itilizasyon yon telefòn oubyen yon òdinatè. Ede evite pou w tann twòp nan klinik pou swen ijans yo doktè a, Ijans oubyen Swen Ijans pou pwoblèm non ijan yo.

**Sèvis Bankè Express®:** Yon kont bankè Fifth Third Bank san frè sèvis chak mwa, san egzijans balans, san frè dekouvè ak yon kat debi pou acha.

**Aplikasyon Mobil CareSource la:** Bay aksè ak kat Idantite manm lan, divès vidéyo pratik ak yon rechèch rapid pou doktè yo.

**Jesyon Maladi:** Pwogram pou opresyon, ADHD, toksikomani, sante konpòtmantal, maladi ren kwonik ak plis.

# PLAN INDIANA AN SANTE

Plan Indiana An Sante a (Healthy Indiana Plan) (HIP) se yon pwogram asirans sante pou Hoosiers ki gen fèb revni ki gen laj 19 rive 64, avèk divès avantaj ki gen ladan yo sèvis swen lopital, sante mantal ak sante konpòtmantal, tretman pou abi sibstans, swen matènité, vizit ak preskripsyon doktè.

Anba se yon gid rapid pou plan ki disponib yo pou manm HIP yo:



	<b>HIP Plis</b> Disponib pou tout manm ki bay kontribisyon chak mwa nan kont POWER yo a.	<b>HIP Bazik</b> Disponib pou manm ki nan oubyen pi ba pase 100% FPL ki pa bay kontribisyonkont POWER pa yo		<b>HIP Matènité</b> Disponib pou tout manm ki siyale gwosès yo	<b>Plan Eta HIP</b> Disponib pou manm ki kalifye pou resevwa avantaj amelyore (tankou sa yo ki medikalman frajil yo)	<b>Plis</b>	<b>debaz</b>
<b>Pèman</b>	Pèman Chak Mwa	Nivo Kopèman \$4-75		Pa gen Pataj depans	Pèman Chak Mwa	Nivo Kopèman \$4-75	
<b>Sèvis Medikal</b>	Kouvri	Kouvri		Kouvri	Kouvri	Kouvri	
<b>Sèvis Vizyon</b>	Kouvri	Pa kouvri (Eksepte manm yo 19-20 ane)		Kouvri	Kouvri	Kouvri	
<b>Sèvis Dantè yo</b>	Kouvri	Pa kouvri (Eksepte manm yo 19-20 ane)		Kouvri	Kouvri	Kouvri	
<b>Sèvis Kiwopratik</b>	Kouvri	Pa Kouvri		Kouvri	Kouvri	Kouvri	
<b>Transpò ki pa ljan</b>	Kouvri*	Kouvri*		Kouvri	Kouvri	Kouvri	

\*Avantaj CareSource Adisyonèl

# HOOSIER HEALTHWISE

Hoosier Healthwise (HHW) se yon pwogram swen medikal Indiana pou timoun ak fanm ansent. Genyen plizyè pake pwogram diferan nan kad HHW ki adapte ak divès gwoup moun espesifik.

Genyen de (2) pake avantaj nan HHW:

**Pake A:** Plan sèvis konplè pou timoun yo ak fanm ansent yo. Manm yo pa gen obligasyon pou pataje depans.

**Pake C:** Plan sèvis konplè pou timoun yo nan Pwogram Asirans Sante Timoun (Children's Health Insurance Program, CHIP). Genyen yon ti prim chak mwa ak yon kopèman pou kèk sèvis ki baze sou revni fanmi.

	HHW Pake A	HHW Pake C
<b>Pèman</b>	Pa gen Pataj depans	Wi
<b>Sèvis Medikal</b>	Wi	Wi
<b>EPSDT</b>	Wi	Wi
<b>Sèvis Dantè yo</b>	Wi	Wi
<b>Èd sikolojik</b>	Wi	Wi
<b>Transpò ki pa ljan</b>	Wi	Non

Pou aprann plis sou pwogram sa yo,  
konsilte [www.in.gov/medicaid](http://www.in.gov/medicaid).





## Nou sousye de ou ak sante ou.

Nou ta renmen ou jwenn youn nan plan nou yo. Si ou enskri deja nan yon lòt plan, ou kapab chanje pandan Peryòd Seleksyon Plan an (1ye Novanm - 15 Desanm) oubyen pandan peryòd nouvèl detèminasyon ou an.

Pou plis enfòmasyon sou CareSource:

**VIZITE** [CareSource.com](http://CareSource.com)

**RELE 1-844-607-2829 (TTY: 711)**

Prenon Non

Non-Famili

Adrès

Vit

Kod Postal

Imel

Téléfòn

Ki pi bon moman pou yon reprezantan CareSource kontakte ou pou eksplike avantaj yo epi reponn divès késyon?

A.M.

P.M.



## KESYON YO?

Si ou gen kesyon sou HIP, oubyen pou pase nan CareSource, tanpri rele **1-877-GET-HIP-9** (**1-877-438-4479**).

Si ou se yon manm HIP, ou kapab modifie adezyon ou nenpòt lè anvan ou bay premye kontribisyon kont POWER ou an oubyen nan espas 60 jou apre afektasyon an, selon premye afektasyon an. W ap resevwa plis enfòmasyon nan kourye a lè ou enskri oubyen ou kapab vizite sitwèb Sèvis Fanmi ak Sosyal Indiana yo nan [www.in.gov/fssa/hip](http://www.in.gov/fssa/hip).


Si ou gen kesyon sou HHW, tanpri konsilte **www.indianamedicaid.com** oubyen rele **1-800-403-0864**.

Si ou se yon manm HHW, ou kapab chwazi pou mete fen nan adezyon ou pandan twa premye mwa enskripsyon yo oubyen pandan mwa enskripsyon anyèl la pou zòn ou an.

**BUSINESS REPLY MAIL**  
FIRST-CLASS MAIL PERMIT NO. 817 DAYTON, OH

POSTAGE WILL BE PAID BY ADDRESSEE  
ATTN: CARESOURCE HIP/HHW  
CARESOURCE  
P.O. BOX 44242  
Indianapolis, IN 46244

NO POSTAGE  
NECESSARY  
IF MAILED  
IN THE  
UNITED STATES





Eksklizyon ak limit yo kapab aplike. Tanpri kontakte CareSource pou plis detay.

CareSource respekte lwa etatik ak federal aplikab yo nan kesyon dwa sivil epi pa fè okenn diskriminasyon sou baz laj, sèks, idantite seksyèl, koulè, ras, andikap, orijin nasyonal, estati matrimonyal, preferans seksyèl, afilyasyon ak reliyion, estati medikal oubyen estati asistans piblik.

Si usted o alguien a quien ayuda tienen preguntas sobre CareSource, tiene derecho a recibir esta información y ayuda en su propio idioma sin costo. Para hablar con un intérprete, llame al 1-855-202-0729 (TTY: 711).

如果您或者您在帮助的人对 CareSource 存有疑问，  
您有权 免费获得以您的语言提供的帮 助和信息。  
如果您需要与一 位翻译交谈，请致电  
1-855-202-0729 (TTY: 711).